



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE AJANS ETA YO POU MOBILIZE RESOUS ENTÈVANSYON IJANS ANVAN PREVIZYON TANPÈT NÒDÈS LA KI TA DWE AFEKTE ETA JISKA MADI AK NÈJ, GWO VAN, INONDASYON KOTYÈ YO**

***Li pral kòmanse fè nèj dimanch swa nan pati sid la epi kontinye jiska madi swa nan pati nò a***

***Jiska 18 pous pwevizyon nèj pou Vil New York, Rejyon Long Island ak Mid-Hudson yo, rafal van kapab rive jiska 97 kilomèt alè nan ekstremitè lès la nan Long Island***

***Lòt zòn yo nan pati nò a kapab resevwa plis pase yon pye nèj disi madi***

***Entre an vigè a 5 a.m. lendi, yo entèdi antandèm ki kout epi long sou I-87 la soti nan liy fwontyè NYC a rive Sòti 24 nan Albany, I-95 ak I-287; yo entèdi trelè vid sou I-87 la ant Sòti 8 rive Sòti 21A, Berkshire Spur ak Pon Gouvènè Mario M. Cuomo***

***Entre an vigè a 5 a.m. lendi, yo entèdi trelè ki vid ak trelè antandèm yo tou sou I-84 la soti nan liy fwontyè Eta Pennsylvania rive nan liy fwontyè Eta Connecticut la, Route 17 East nan Binghamton rive nan liy fwontyè Eta New Jersey a ak tout longè I-684 la***

***Enpak potansyèl yo enkli vwayaj ki danjere, blakawout, plizyè vag inondasyon nan zòn kotyè ki ba yo jiska madi swa***

Jodi a Gouvènè Cuomo te mande ajans eta yo pou mobilize resous entèvansyon ijans pandan yon tanpèt ivènal ap deplase nan direksyon New York prevwa devlope an yon tanpèt nòdès ak pwodwi plis pase yon pye nèj nan plizyè kote. Apati dimanch swa nan pati sid la epi kontinye jiska madi swa, Vil New York, rejyon Long Island ak rejyon Mid-Hudson kapab wè nèj ki totalize jiska 18 pous ak rafal van jiska 97 kilomèt alè, espesyalman nan ekstremitè lès Long Island lan. Lòt zòn pati nò yo prevwa resevwa 8 a 16 pous nèj toupatou apati demen maten e k ap dire jiska madi swa. Tanpèt la prevwa kreye kondisyon vwayaj ki danjere ak blakawout potansyèl akòz konbinezon gwo nèj ak rafal van, ansanm ak inondasyon nan zòn kotyè ki ba yo nan pandan plizyè jou.

Lè yo teni kont de enpak yo prevwa tanpèt la pral genyen sou sistèm transpò New

York la, yo pral entèdi antandèm ki kout epi ki long yo nan pòsyon Thruway Eta New York la k ap an vigè lendi a 5 a.m. Espesyalman, sa gen ladan I-87 soti nan Liy Fwontyè Eta New York la rive nan Sòti 24 nan Albany, ansanm ak sou tout I-95 ak I-287 la. Anplis de sa, yo pral entèdi tou trelè vid sou I-87 la ant Sòti 8 la rive nan Sòti 21A a, sou Berkshire Spur la ak sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a.

Yo ap aplike entèdiksyon trelè tou sou wout yo ki andeyò sistèm Thruway la. Entre an vigè a 5 a.m. lendi, yo entèdi trelè ki vid ak trelè antandèm yo tou sou I-84 la soti nan liy fwontyè eta Pennsylvania rive nan liy fwontyè eta Connecticut la, Route 17 East nan Binghamton rive nan liy fwontyè eta New Jersey a ak tout longè I-684 la.

"New York dirèkteman sou chemen yon gwo tanpèt ki pare pou li vin yon tanpèt nòdès pliske li ap apwoche kòt lès la nan fen dimanch swa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ajans eta yo deja ap mennen pwosesis pou deplwaye resous nan zòn yo prevwa ki pral frape pi di yo. Pandan ke travay sa a ap kontinye, nou pral rete an kominikasyon konstan ak patnè lokal nou yo pou bay nenpòt ki sipò ki ka nesèsè, menm jan tou ak konpayi sèvis piblik yo pou yo asire ke yo rezoud blakawout yo imedyatman. Kòm nou konnen, tanpèt sa yo kapab enprevizib, kidonk mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo prete anpil atansyon ak move tan pandan kèk jou kap vini la yo epi pran mezi pou kenbe tèt ou ak moun ou renmen yo an sekirite."

Yo prevwa ke li pral fè nèj apati dimanch swa nan pati sid la epi l ap kontinye nan mèkredi maten pou kèk kote nan North Country a. Yo prevwa Vil New York, Long Island ak konte yo ki nan ba rejyon Mid-Hudson yo ta dwe resewa pi gwo total nèj, ak jiska 18 pous disi madi maten ak rafal van jiska 97 kilomèt alè sou Long Island. Yo prevwa rafal van tou ki evalye a 72 a 80 kilomèt alè nan Vil New York ak nan ba Hudson Valley a. Southern Tier la, Rejyon Kapital la, ak Mohawk Valley pral wè 8 a 16 pous nèj toupatou nan madi apremidi, epi kèk zòn nan North Country a pral wè jiska 10 pous nèj nan mèkredi.

Zòn kotyè yo nan Long Island ak Queens kapab fè fas ak plizyè vag inondasyon, sitou pandan mare wot yo ak nan kote ki ba epi ki vilnerab yo. Prvizyon aktyèl yo prevwa de a twa pye inondasyon ki depase nivo tè a nan zòn ki ba epi ki vilnerab yo, patikilyèman nan lendi swa, ki ka lakòz fèmte anpil wout ak lakòz inondasyon toupatou nan pakin, pak, gazon ak kay/biznis ak sousòl ki ba yo toupre litoral la.

Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman metewolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la nan zòn ou an.

## **Preparasyon Ajans**

### Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan

Sant Operasyon Dijans (Emergency Operations Center) Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la rete aktive akòz pandemi COVID-19 la epi li pral siveye depre kondisyon meteyowolojik yo, kowòdone operasyon entèkansyon Eta a epi li pral rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Estòk Eta a prepare pou

deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bèso, lenn ak dlo nan boutèy.

### Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò Eta a pare pou li entèvni avèk 3,645 sipèvizè ak operatè disponib nan Eta a. Anplis de sa, pou sipòte aktivite nèj ak glas nan zòn kritik yo, yon total 162 pèsonèl anplis nan rejyon nò, ki gen ladan: Yo ap deplwaye 150 operatè kamyon chasnèj, 4 sipèvizè ekipaj chasnèj, 2 Enstriktè Operatè Ekipman, 4 mekanisyen, 1 sipèvizè mekanisyen ak 1 ofisye sekirite; 24 kamyon chasnèj, 6 aparèy pou soufle nèj ak 2 kamyon sèvis mekanik nan lòt rejyon yo. Yo distribiye yo konsa:

#### Mid-Hudson

- Resevwa 25 operatè chasnèj, 4 sipèvizè, 5 kamyon chasnèj ak 2 aparèy pou soufle nèj ki soti nan NY Santral
- Resevwa 10 operatè chasnèj ak 5 kamyon chasnèj ki soti nan Finger Lakes
- Ap resevwa 40 operatè chasnèj ki soti nan Rejyon Lwès New York
- Ap resevwa 11 operatè chasnèj ki soti nan North Country
- Southern Tierr (zòn Binghamton):
- Resevwa 10 operatè chasnèj ak 4 kamyon chasnèj nan Rejon Lwès Southern Tier la
- Ap resevwa 2 aparèy pou soufle nèj ki soti nan North Country

#### Long Island

- Resevwa 10 operatè chasnèj, 5 kamyon chasnèj ak 1 aparèy pou soufle nèj ki soti nan Rejyon Kapital la
- Resevwa 20 operatè chasnèj, 5 kamyon chasnèj, 1 aparèy pou soufle nèj, 2 mekanisyen, ak 1 kamyon sèvis mekanik nan Mohawk Valley
- Ap resevwa 1 enstriktè operatè ekipman ki soti nan New York Santral
- Ap resevwa 1 sipèvizè mekanik ki soti nan Rejyon Lwès New York
- Ap resevwa 1 enstriktè operatè ekipman ki soti nan Rejyon Lwès Southern Tier
- Ap resevwa 24 operatè chasnèj, 2 mekanisyen, ak 1 kamyon sèvis mekanik nan North Country
- Ap resevwa 1 ofisye sekirite nan NYC

Ekip rejyonal yo angaje yo kounye a nan preparasyon kont nèj ak glas. Tout lokal rezidansyèl yo pral rete ak anplwaye yo pou operasyon yo 24/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. Tout ekipman ki disponib pou nèj ak glas pare pou deplwaye. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 1,625 gwo kamyon chasnèj
- 175 chasnèj mwayen
- 52 remòk chasnèj

- 316 gwo chajè
- 38 aparèy pou soufle nèj

Apati 5 a.m. lendi pral gen yon entèdiksyon sou trelè vid ak trelè antandèm yo sou wout sa yo:

- I-84 soti nan liy fwontyè eta Pennsylvania rive nan liy fwontyè eta Connecticut la
- Route 17, soti nan Lès Binghamton rive nan liy fwontyè eta New Jersey a
- Tout longè I-684 la

#### Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway la gen 694 sipèvizè ak operatè ki pare pou entèvni avèk 252 gwo chasnèj, 100 chasnèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 63 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 119,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Otorite Thruway la planifye pou li deplase 10 chasnèj adisyonèl, 1 gwo aparèy pou soufle nèj ak 20 operatè ki soti nan Divizyon Buffalo ak Syracuse li yo rive nan Divizyon New York la kote tanpèt la prevwa gen yon pi gwo enpak.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

Tout antandèm yo, sa ki kout epi ki long, yo pral entèdi yo sou Thruway Eta New York la apati lendi a 5 a.m. nan kote sa yo:

- I-87 soti nan liy fwontyè NYC a rive nan Sòti 24 (Albany)
- I-95 (New England Thruway)
- I-287 (Cross Westchester Expressway)

Anplis de sa, antre an vigè a 5 a.m. lendi, yo pral entèdi tout trelè ki vid yo sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a, I-87 la ant Sòti 8 la rive nan Sòti 21A ak Berkshire Spur la.

#### Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forestye, pèsònèl Jesyon Ijans la, ak pèsònèl rejyonal la nan eta dalèt epi y ap kontwole dewoulman sityasyon an epi y ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ki gen plis chans pou yo sibi efè tanpèt la. Tout resous ki disponib yo an pozisyon pou ede nan nenpòt entèvansyon ijans.

### Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi yap swiv deprè kondisyon meteyowoljik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèvansyon nan ka tanpèt. Vizitè pak yo dwe gade [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Sèvis piblik New York genyen apeprè 5,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout evènman tanpèt la epi li pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsonèl ki apwopriye yo nan rejyon ke yo prevwa ki ka fè fas ak pi gwo enpak yo.

### Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Anplwaye Otorite Enèji New York la ak anplwaye Canal Corporation yo te fè preparasyon pou move tan yo prevwa a pou asire tout enstalasyon yo, resous yo ak ekipman yo byen sekirize epi ke yo prè. Otorite Enèji a prepare pou sipòte aktivite restorasyon enèji si sa nesèsè.

### Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a prè pou yo deplwaye Ajan Patwouy adisyonèl jan sa nesèsè nan zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo tankou veyikil kat-pa-kat, motonèj, ak veyikil itilite yo (UTV), deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

### Otorite Transpò Metwopoliten

Pèsonèl Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority) travay di pou asire sekirite, sèvis fyab la kontinye atravè tanpèt ak konsekans. Anplwaye MTA yo pare pou pwopaje sèl ak netwaye platfòm ak eskalye nèj ak glas yo, kenbe siyal, entèriptè, twazyèm ray ap fonksyone, elimine nenpòt pyebwa ki atè ki ta ka tonbe sou wout yo, epi fè fas ak tout defi ki gen rapò ak meteyo pandan tanpèt la.

Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) lan pral fonksyone nan yon kalandriye wikenn lendi ak madi pandan ekipaj yo ap reponn ak tanpèt la.

Pon ak tinèl MTA yo ap aplike yon fason pwoaktif yon entèdiksyon sou remòk traktè vid ak tandem nan 6 a.m. nan lendi.

Otobis yo pral fonksyone an sèvis redwi baze sou bès pasaje yo prevwa yo. Yo pral ekipe tout otobis lokal yo tou ak chèn pou kawotchou. Yo pral ranplase otobis atikile pa otobis estanda apati dimanch swa.

Kliyan yo ankouraje anpil evite vwayaj ki pa nesèsè, tcheke [new.mta.info](http://new.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon ekstrèm pandan y ap navige sistèm lan, espesyalman sou platfòm ak eskalye anplennè yo. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta, Metro-North Train Time ak Long Island Rail Road Train Time.

### Otorite Pòtyè (Port Authority, PA)

Otorite Pòtyè a egzòte otomobilis yo pou itilize pridans pandan tanpèt ivè semèn sa a; restriksyon sou vitès yo ka anvigè nan pon yo ansanm ak sou wout yo pou ale oswa tounen nan travèse yo.

Yo ap ankouraje vwayajè atravè ayewopò yo, tèminal bis la, ak estasyon bis Otorite Pòtyè a pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta, anilasyon ak refè rezèvasyon yo. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou alèt PA yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo.

### **Lòt konsèy sekirite**

#### Sekirite Ivènal

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.

Aksidan transpò yo se koz prensipal lanmò ak blesi pandan tanpèt nèj yo. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre pou kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

### Sekirite kont Inondasyon`

- Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Estoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou men.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyoasyon ijans
- Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:
  - Flach ak pil siplemantè;
  - Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo;
  - Twous premye swen ak manyèl;
  - Manje ak dlo pou ijans;
  - Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo;
  - Medsin esansyèl yo; ak
  - Chekye, lajan kach, kat kredi, ak kat ATM.

Pou plis konsèy sou sekirite pou tout kalite kondisyon meteyo, ale sou sit wèb DHSES la nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)